Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 15 (7155)
2015 с. 10 апрель
Рузман
БАГЬА 5 ГЪУРУЩ.
sadovoduns@yandex.ru

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. Унсоколо районалъул газета «Садовод»

ГьаракIунибе сапар



«Бергьенлъиялъул паркалда»



Нижер дандечIей гьечIо



Росдал магIишаталъул хIалтIаби

## ХъахIабросулъ - оц бай

Нилъер районалда оц баялъул байрам тIобитIулеб бакI хутIун буго гIицIго цо ХъахIабросо. Кидаго гIадин исанаги 29 марталда – гьатIан къоялъ тIобитIана гьениб байрам. Исана оц баялъул бетIергьанлъун вукIана росдал администрациялъул бетIер МухIамад МухIамадов. Радалго оц баялда цебе мавлид тIобитIана МухIамадил рокъоб. Кванан хадуб жамагIат бакIарана оц балеб бакIалде. ТIоцебе рахъ бахъизе вахъана росдал бищун кIудияв чи, хадурги цоцада хисулаго ирга щвана МухIамадиде, гьес ахирисел рахъалги ран гьацIул лъар бегьана тIасияб соналъ оц базе ракIалда бугев ГIума ров Сайгидихъе. Киналго цере рахъаразги, гIодор чIарал харабазги дугIа- алхIам гьабуна, цоцазе гьари-рахьи бана баракат лъеги,-ян. Росдал имам Насибов Къурбаницаги вагIза-хабар гьабуна оц баялъул байрамалда хурхун.

Какал ран хадуб спортзаладе ракIарана росуцоял. Анлъго командаги гIахьаллъун волейболалъул къецал тIоритIана къасде нахъелъизегIан. Бергьарал лъабго командаялъе росдал администрациялъул бетIерас гIарцулал сайгъаталги къуна.

ЛъикIаб букIинаан щибаб росулъги оцал ратичIони, тракторалги рахъинарун гьединал байрамалги тадбиралги тIоритIани. Гьез районалдаго гIадамазул цоцадехун бербалагьи лъикIлъизабилаан, гIун бачIунеб гIелалъе лъикIаб тарбия щвелаан, г1адамазулъ росдадехун, ватIаналдехун рокьи щула гьабилаан.

*С. МУХIАМАДОВ.*

КIудияб Бергьенлъиялъ - 70 сон

## ГъутIбузде сверарал рагъул солдатал





КIудияб чIаголъи букIана Унсоколо районалъул ГьаракIуни гьоркьохъеб школалда 2 апрелалда. КIудияб ВатIанияб рагъ лъугIаралдаса 70 сон тIубаялъул хIурматалда школалда тIобитIана ВатIанияб рагъул инвалид Къурабегов МухIамадилгун школалъул цIалдохъабазул дандчIвай.

*(Ахир 2 гьумералда)*

«Куначество» проект: редакторалъул колонка

## Гьобол кIодо гьавичIони, цебе рогьо букIана

Гьоболлъи-гьудуллъи кутакалда цебе тIураб букIана нилъер умумазул. ХIурмат гьабиялъ лъабго къоялъ цIарцин гьикъулароан гьесда. Бищун лъикIаб бусен-къайи тIамулаан гьоболасда гьоркь, рокъоб бугеб чIагояб квенги лъолаан гьесда цебе, рукъалъул киназго гьабулаан хъулухъ. Нилъер заманалдаги гIемер рагIула чIахIияб гIелалъ нилъер гьалбал, гьалбадерил лъимал,-ян цогидал росабазул гIадамазде абулеб. Гьелъ росабазул гIадамазда гьоркьоб гьуинаб гьудуллъиги букIана цебе заманалда.

Жакъа-кинабха бугеб гьеб рахъалъ ахIвал-хIал? Дунялалда бугеб ахIвал-хIалалъги батила цо киналалиго хъачIал, нилъерго гурони сверухъ ругезул ургъул-агъаз гьечIел, хъантIарал лъугьун руго нилъ. ТIагIунго унеб буго гIаданлъи, яхI-намус. Гьелъ наслабиги лъугьунел руго яхI-намус, цIоб гьечIел, рахъунел руго чIвадарухъабилъунцин. Гьединаб ахIвал-хIалги хIисабалде босун РДялъул националияб политикаялъул Министерствоялъ республикаялда билъанхъизабулеб буго «Куначество» абураб проект. Гьезие кумекалъе рихьизарун руго лъай кьеялъул, печаталъул, культураялъул министерствабиги ва бакIалъулал самоуправлениялги. «Куначествоялда» хурхараб дандельиялде гьал къояздa ахIун рукIана республикаялъул ва муниципалиял газетазул редакторал, гьенир журналистазда цере чIванкъотIарал масъалабиги лъуна гьоболлъи-гьудуллъи чIаго гьабизе ккеялда хурхун.

Тюрк мацIалдаса конак буссинабуни, кунак ккола гость, ай гьобол абураб рагIи. Куначествоялъ гIадамазе рес кьолаан цоцада лъикIго лъазе, борхизабулаан кIалъа-басаялъул ва гIумро гьабиялъул культура, цоцалъ бугеб лъикIаб гьоркьоблъиялъ цоцазе кумек гьабиги цебетIун букIунаан. Бихьи гьечIеб букIунаан гьезул ва хъизамазул гьудуллъи, кинал захIмалъи-къварилъи кканиги рахъунаан цоцазе кумекалъе. МагIарулазул гIадаталда рекъон цо росулъе щвани жиндирго гьоболасухъ гурони рештIунароан. Гьединаб къагIида рукIалиде ккезаби чара гьечIеблъун лъугьун буго жакъа.

Куначество рукIалиде ккезабиялъе республикаялда ругел районал рикьун руго щу-щу районалккун I0 бутIаялде. Унсоколо район уна Сергохъала районалде рихьизарураздe гьоркьоре. Гьаб соналъул сентябрь моцIалда гьенир рукIине руго гьоболлъи-гьудуллъи щула гьабиялъе гьарулел тадбирал.

Гьеб тадбиралъул рамкаялда жанир руго социалиялгун культуриял тадбирал, спортивиял къецал, гIолилазул «дисскусиязул площадкаби» ва цогидалги тадбирал цадахъ тIоритIи, гьединго 7-I0 классазул цIалдохъаби кIиябго районалъул гьалбадерихъ гьоболлъухъ 2 анкьалъ рукIиналъул ва цогидалги тадбирал.

Цоцалъ гьуинго рукIиналъ нилъее кьола сахлъи, ишалъулъ мугъчIвай, цIунула рагъ-кьалалдаса. Гьаб жакъа гIадин кьалал гIемераб заманаялъ мугIрузул Дагъистаналъе кутакалда хIажат буго, цо квер гIадин цолъизе. Биччанте гьеб ишалда хурхун щибаб рокъоб гIакъло бергьине!

## Райадминистрациялъул данделъиялда

Щибаб анкьил итни къоялъ райадминистрациялъул бетIерасул кабинеталъуб тIоритIула араб анкьил хIасилал данде росизе ва бачIунелъе гьаризесел хIалтIаби дандразе данделъи (планировка). Гьеб тIобитIана 6 апрелалдаги. Гьениб араб данделъиялда жидецаго тIуразарурал суалазул бицана администрациялъул хIалтIухъаби М. ХIажиевас, С. АхIмадовас, ХI. МухIамадовас, М. ГIалиевас, М-Р. Къебедовас, М. Расуловасги.

Гьенибго хIалтIул бугеб хIалалъул бицана социалияб рахъалъ гIадамал хьезариялъул управлениялъул начальникасул ишал тIуралев ГI. ХIамзатовас, КЦОНалъул директор ГI. Гьиматовалъги.

ЦIидасанги ГI. НурмухIамадовас тIадкъаял кьуна цо-цо нухмалъулезе хехго тIуразе кколел суалазда хурхун.

## *Баркула шапакъат*

Гьал къоязда райадминистрациялъул бетIерасул зам. С. АхIмадовасул нухмалъиялда росабалъе щвезе гIуцIараб комиссия щвана Генуб росулъа рагъул соназда тылалда хIалтIарай НурмухIамадова Сапиятихъе. Рохалилаб ахIва-хIалалда гьелъие кьуна «Ветеран труда» медаль.

Гьеб босулаго Сапиятица абуна I6 сон баралдаса хIалтIанин ахакьги хурзабахъги, рухъанин окопалги,-абун.

ГьабсагIаталдаги гьей йиго лъикIаб гIакълуялда, жийго жинцаго тIуян.

РакI-ракIалъ баркула С. НурмухIамадовалда шапакъат.

## ГьаракIунибе сапар

Гьал къоязда Унсоколо районалъул администрациялъул бетIерасул ишал тIуралев ГI. НурмухIамадов щвана ГьаракIуни росулъе. Гьевгун цадахъ вукIана «НК Роснефть» - «Дагнефть» ОАОялъул генералияв директор Муслим Гиндиев. Гьел щвана росдал школалде, больницаялде, библиотекаялде, почалде, росдал культураялъул рокъоре, консервазул заводалде, гьеб хIалтIизе биччаялъе ресазул дандбана. Гьединго щвана гьал къоязда рагьараб школалъул «Бергьенлъиялъул паркалде».

БетIерас росдал гIадамазул суалазе кьуна жавабал. Гьенибго бихьизабуна росдал администрациялъул хIалтIиги квеш гьечIилан. Данрана росу цебетIезабиялъе ругел ресал. Муслим ГIабдулхаликъовичас рагIи кьуна росулъ ралел цо-цо объектазе инвестициялъулал кумекал гьарилилан.

## *7000 гъветI чIезе буго*

Ахихъанлъиялъул соналъ 7000 гъветI чIезе буго «Эффективнияб АПК» абураб приоритетнияб проекталда рекъон Унсоколо росулъ. Администрациялъул бетIер М. МухIамадовас ва районалъул росдал магIишаталъул управлениялъги хал гьаруна гIадамазул гьел чIезе бегьулел ракьул участкабазул ва кьуна гъутIби. ГьабсагIаталда тIад бан унеб буго гъутIби чIей.

КIудияб Бергьенлъиялъ - 70 сон

# ГъутIбузде сверарал рагъул солдатал




СагIат 11 тIубараб заманалда школалъул азбаралда кьерал гьарун, берцинго данде руссана цIалдохъаби ва рагъул сонал ракIалде щвезариялъул данделъи рагьана школалъул гIуцIарухъан П. Саг1адуевалъ. КIалъазе вахъана райадминистрациялъул бетIерасул зам. Сахратула АхIмадов. Гьес бихьизабуна гитлерилаб фашизмагун къеркьолеб рагъулъ нилъее талихIаб гIумро букIинабиялъе гIоло нужер росулъа рагъде 200 чи анилан, гьел тущмангун бахIарчиго рагъанин, тIад руссаразул цояв вугин М. Къурабегов,-абун. -ГIемераб гIазабгIакъуба бихьана ва чанцIулго лъукъана гьев рагъда. Гьев гIахьаллъана Украина ва Белоруссия эркен гьабиялъул рагъулъ ва ракълилаб гIумруялъулъ вукIана чIахIиязеги гIисиназеги мисаллъун. Жакъа нилъер щивас бетIер къулизе ккола гьесие.

Данделъиялда кIалъана райадминистрациялъул бетIерасул информационняб рахъалъ кумекчи М-Н. ХIайбулаев, ГьаракIуни росдал бетIер М. МухIамадрасулов, районалъул «Ахихъан» газеталъул бетIерай редактор С. КъебедмухIамадова.

Дандеруссиналда кIалъарай культурияб гIумруялъул ветеран Алжанат ГIабдулхIамидова рекIекълъана гьал рагIаби абулаго: «гIемер гьаруна рагъул гIахьалчагIазулгун дандчIваял, гьанже гьел дагьлъун руго, кIигояв бусада вуго, Къурабегов МухIамад жакъа нилъехъе вачIун вуго. Гьаз жидерго гIумроялда барахщичIого цIунана нилъее ракълилаб гIумро»,-абун.

РакIалдаса унареб кIалъай гьабуна дандчIваялда М. Къурабеговас.

Хадуб киналго руссана школалъул данделъабазул залалъуре. Гьениб бихьизабуна росулъа рагъде аразул, тIад руссарал ва руссинчIезул хIакъалъулъ видеоматериал, гьелда цадахъго солдатазул хIакъалъулъ баян кьолеб букIана цIалдохъабаз. Къокъго абуни бадиб магIу хуличIев чи залалда вукIинчIо.

Ахиралда киналго рахана росдал школалда данд битIун бугеб гьитIинабго мегIералде тIаде. Гьеле гьениб гьабун буго гьерекIдерил лъималаз «Рагъул солдатазул ах». Цебеккунго гьеб къоялде хIадурлъиялъул хIалтIаби гьарун ругоан школалда. МегIералъул тIогьиб чIван буго «КIудияб Бергьенлъиялъ – 70



сон»,-абураб лозунг. Гьеб къаси берцинаб кьералъ кенчIола росдада тIад. Гьенибго гьабун буго гьитIинабго беседка. ГохIдасан кинабго рахъалъан бихьула росуги, гIорул мохъги, мегъалги, ай кинабго сверухълъи. Школалдехун буссараб хьонлъи абуни цебеккунго сверун сеткаги ккун, къачIан букIана. Росун рукIана росулъ КIудияб ВатIанияб рагъде арал 200 гIахьалчиясул цIаралда гъутIби, рухъун рукIана гьел чIезе гундби.



Гьале бищунго магIу кквезе кIолареб лахIзат. «Солдатазул ахикье» жанире лъугьунаго бищун цебе гъветI чIана КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчи МухIамад Къурабеговас. Рохалил цIураб гьесул гьурмадасан гъветI гвандиниб лъолаго гирун рачIана магIил гарал ва гIедегIичIого шурун цIалдохъабазда абуна: «бакъвазе тоге, дир гъветI»,-абун. Гьелъул гIаркьалида бана Къурабегов МухIамад абун хъвараб чармил хъарщиги.

Хадуб киса-кирего хьонда чIезе байбихьана гъутIби. Гьел чIолел рукIана рагъул гIахьалчагIазул лъималазул лъималаз яги г1агараз ва жиде-жидер рагъул гIахьалчагIазул цIарал хъварал хъарщал рана гьезул гIаркьалабазда. Бана рак, баччана лъим ва букIинесеб «Солдатазул ахие» хъулухъ гьабизе гьа бана цIалдохъабаз. Хадубккунин абуни гьеб ах лъугьине буго гIелаз гIелазу хъе кьун школалъул цIалдохъабаз цIунизеги, рагъул гIахьалчагIазул рухIал рехсезеги, гьел кIоченчIого рукIинеги гьа балеб, хирияб бакIлъун.

ЦIалдохъабаз, учительзабаз гьенир рахъана ракIалде щвеялъул суратал. Тадбир букIана цоцалъ ракIал журараб, тарбия кьеялъе квербакъулеб.

Чанго рагIи абизе ккола школалъул директор гьайбатай, намусяхI бацIцIадай гIадан ГIайшат МухIамадовалъул рахъалъги. ЧIунтараб, гIи-боцIул къайиялде сверараб росдал школа жиндирго гIарацги хвезабун рукIалиде ккезабуна ГIайшатица, тIубанго хисизабуна цIалулгун тарбия кьеялъул рахъги. Амма цо-цо намус чорокал гIадамаз гIарзал кьун квал-квал гьабулеб буго гьелъие хIалтIизе. Хоно бикъарав туснахъалъув, оц бикъарав гьундузухъин абухъего камулел гье чIо чорокаб мацIидасан пайда босулел. Гьединаб ахIвал-хIалалда хIалтIуе квал-квалал ккечIогоги хутIилищха. Амма сундухъго ялагьичIого гIагараб росдал школалда гьабулеб хIалтIи тIадегIанаб даражаялда гIуцIулеб буго жигарай педагог ГIайшат МухIамадовалъ.

**С. КЪЕБЕДМУХIАМАДОВА.**

**Район гIуцIун - 80 сон**

# Гъадинал рукIана тIоцересел газетал

**Унсоколо район 1935 соналда гIуцIараб батани, районалъул «Унсоколо колхозник» газета гIуцIана I937 соналда. Байбихьуда гьелъул хъвай-цIали букIана латын мацIалда. I938 соналъул 1 июлалда байбихьун буго газета авар мацIалда бахъизе. Районалъул тIоцересел газетазе, ай редакциялъе нухмалъи гьабулеб букIун буго Рихьуниса АхIмад Шамиловас.**

**Нилъеца районалъ 80 сон тIубай кIодо гьабизе буго гьаб соналъул августалда. Биччанте цIалдолезда лъан букIине нилъер газеталъул тарих гуребги гьелъул букIараб хаслъиги. Жакъа нижее бокьун буго I938 соналъул «Унсоколо колхозник» газеталда лъурал цо-цо материалазул цIалдолезулгун лъай-хъвай гьабизе. Гьел кьолел руго газеталда рахъухъе, хисизаричIого.**


ҫaka 1-ab. Maj-xalqazda horqosel pr
revoljusionijal quvatazul bojevoj
Unsokolo
Kolxoznik
kinalgo ulkabazul Proletaral, SoL
Engelsil-Leninil internaSionalijab ba
ȚOSSebeseb maj

Гьале I938 соналъул I июлалда къватIибе биччараб «Унсоколо колхозник» газеталдаса «Халкъалъул кIудияб праздник»,-абураб рищиязда хурхараб материал. «Киналго росаби, избирательний комиссиязул рукъзал, вождасул соратаз гьалмагъ Сталинил сортаз гвангъизарун руго.

ТIолго районалда паразникалъул къагIида лъугьана гьаркьал кьолел рукъзал радал сагIат 5 ялда избирателаз цIуна. Гьале Унсоколо 2 аб. участкаялда тIоцебе гьаракь кьуна МухIамад ГIалихIажица 90 сон барав. МухIамадица буюлитен рехулалъул абуна пайдаябщинаб цебесеб гIумро нахъ буссинабизе кIулеб ани, гIадада хвараб гIумруялда хадуб бугоха тIул-ракI бухIулеб.

Гьале цойги «Гьадинавищ завизбач вукIунев?»,-абураб материал.

Бекьилъ вугев завизбач Манап ХIажимурадов зав избачлъун бегьуларо.

Гьелъие цо пакт буго, гьел рукIана лешонцал ва лешонцал рукIиналдалъун колхозалдеги риччан рукIинчIел. Гьесул эбелалъул вац НКВДялъ ккун арав, гьединго ГьотIо МухIамад Батир, гьесул эмен НКВДялъ ккун арав…

***Берда бихьарав.***

«ГIажаибаб тIинчI цIуни»,-абураб материалалда буго гьадин хъван:

«Гьаб 38 аб. соналъул гIи къинлъиялъул кампаниялда жаниб Иргьани Сталин колхозалъ гьабун буго гIажаибаб тIинчI цIуни.

ГIи къинлъулеб заманаялъ колхозалъул 7 буртIил эбел хун буго гьарурал сагIаталъцин цIцIо хахизеги щвечIогун, гьел буртIал рукIана жакъадай метердай хвелин ругел жал…»

«Эркенал ясазда тIад зулму гьабулел гурхIел тун жавабалде раче»,- абураб материалалда хъвалеб буго гьадин. Босани Рихьуниса АхIмад ГIабдулманап гьев вуго жиндир хулиганлъиялъул ва цIогьолдун тIубараб I5 сон стаж бугев чи. Жиндирго гIумру гьелда инабуна ва чанго нухалъ гьелдалъун туснахъалда кканиги гьеб гIамал рехун гьечIо.

Гьединго гIолил ясазда зулму гьабиги гьесул нахъаса къотIи гьечIеб ишлъун буго ва гьанжеги гьабулеб буго. Гьесул йиго 2 го чIужу Маймунат ГIабдулагьги ПатIимат ХIожолмухIумаги.

АхIмадица цо чанго нухалъ байбихьана комсомолка СугIад МухIамад инжит гьаезе. I9 аб. июлалда лекпунктaлдаса рокъой ячIуней екIарай СугIад МухIамадида дандеги вилъун гьев гьелда гаргадизе байбихьана бетIер свераравхулиганасулгун кIалъай бокьичIогон СугIадица батIияб нухдасан ине байбихьана. Динияб рукъалда аскIосан хадувги вачIун гьелъие гIакъуба кьезе лъугьана. СугIадица жиндий регIи кьолареблъи лъарабго раххан гIадаб ханжарги бахъун чIвазейилан лъугьана, хIинкъарай СугIад ахIтIун тIаде гIадамалги рачIун ерчIизаюна. Гьединго рокъой араб бакIалдаги хадув ун 2 го чIужуялда тIаде жиндий ячIаян чIун вуго.

Гьале «Суд» абураб материал (гьенир бицен гьабулезул фамилиял, цIарал хисизарун руго).

«Гьаб соналъул 8 аб сентябралъ Унсоколо рай нарсудалъ суд гьабуна Унсоколоса МухIамадов ГIабдулагьийги Мух1амадова ПатIиматийги, МухIамадова Рукъигатийги. Гьез жидерго яс МухIамадова Хатимат басриял хъубал гIадаталги ракIалде ккун гьей къватIий росулъа чиясухъ ялагьулей йигин, гьелдалъун жидей рогьо-нич бугин, ПатIиматидаги Рукъиятидаги тIад къан буго гьей тIагIинайизе ва чIвазе.

Гьей эбел ПатIиматги эбелалъул яц Рукъигатги бихьизабиялдалъун ГIабдулагьица жиндир яц хIиллаялъе канлъи къотIараб заманаялъ къваригIелалъ къватIийги йитIун, ботIрулъ тIилги кьабун кьурулъа гъоркье рехана, гьей квешго лъукъизеги лъукъун хвечIого юрчIана.

Гьелдалъун Унсоколо нарсудалъ хIукму гьабуна.

I. МухIамадов ГIабдулагьие къотIизе 6 сон рищияздаса махIрум гьавичIого тезе жиндица яц гIодой рехиялдалъун.

2. Жудоца малъун тIамиялдалъун эбел МухIамадова ПатIиматийги МухIамадова Рукъигатийги къотIизе цо цоязе 2-2 сон туснахъ, рищияздаса махIрум гьаричIого тезе.

Гьединал рукIана нилъер газетал гьанжеялдаса 78 соналъ цере.

***Архивалдасан х1адурараб.***

# Новый федеральный закон от 28.11.13 г. № 442-ФЗ «Об основах социального обслуживания граждан в РФ» начал действовать с 1. 1. 2015 г.

Законом определены полномочия органов государственной власти в сфере социального обслуживания граждан, а также права и обязанности поставщиков и получателей социальных услуг.

Система социального обслуживания, согласно новому закону, включает в себя:

- федеральный орган исполнительной власти, осуществляющий функции по выработке и реализации государственной политики и нормативно-правовому регулированию в сфере социального обслуживания;
- региональный орган государственной власти, уполномоченный на осуществление полномочий в сфере социального обслуживания;
-организации социального обслуживания, находящиеся в ведении федеральных и региональных органов исполнительной власти;
- негосударственные( коммерческие и некоммерческие) организации социального обслуживания;
- индивидуальных предпринимателей, осуществляющих социальное обслуживание.

Социальные услуги предоставляются гражданину на основании договора о предоставлении социальных услуг, заключаемого между поставщиком социальных услуг и гражданином или его законным представителем, в течении суток с даты предоставления индивидуальной программы поставщику социальных услуг.

Законом предусмотрены следующие виды социальных услуг:

- социально-бытовые, направленные на поддержание жизнедеятельности получателей социальных услуг в быту;
- социально-медицинские, направленные на поддержание и сохранение здоровья получателей социальных услуг путем организации ухода, оказания содействия в проведении оздоровительных мероприятий, систематического наблюдения за получателями социальных услуг для выявления отклонений в состоянии их здоровья;
- социально-психологические, предусматривающие оказание помощи в коррекции психологического состояния получателей социальных услуг для адаптации в социальной среде, в том числе оказание психологической помощи анонимно с использованием телефона доверия;
- социально-педагогические, направленные на профилактику отклонений в поведении и развитии личности получателей социальных услуг, формирование у них позитивных интересов ( в том числе в сфере досуга), оказание помощи семье в воспитании детей;
- социально-трудовые, направленные на оказание помощи в трудоустройстве и в решении других проблем, связанных с трудовой адаптацией;
- социально-правовые, направленные на оказание помощи в получении юридических услуг, в том числе бесплатно, в защите прав и законных интересов получателей социальных услуг;
- услуги в целях повышения коммуникативного потенциала получателей социальных услуг, имеющих ограничения жизнедеятельности, в том числе детей-инвалидов;
-срочные социальные услуги.

Условия предоставления социальных услуг:

Социальные услуги гражданам, находящимся в трудной жизненной ситуации, предоставляются бесплатно, а также на условиях частичной или полной оплаты, по тарифам, определяемым Правительством РД.

Социальные услуги предоставляются за плату или частичную плату, если на дому обращения среднедушевой доход получателей социальных услуг превышает предельную величину среднедушевого дохода установленного в РД. Размер ежемесячной платы за предоставления социальных услуг в форме социального обслуживания на дому и в полустационарной форме социального обслуживания рассчитывается на основе тарифов на социальные услуги, но не может превышать 50% разницы между величиной среднедушевого дохода, установленной в РД. Размер предельной величины среднедушевого дохода для предоставления социальных услуг бесплатно устанавливается законами субъекта РФ и не может быть ниже полуторной величины прожиточного минимума, установленного в РД.

Противопоказаниями к принятию граждан на социальное обслуживание являются; психические заболевания в стадии обострения, хронический алкоголизм, венерические, карантийнные, инфекционные заболевания, бактерионосительство, активные формы туберкулеза, иные тяжелые заболевания, требующие лечения в специализированных учреждениях здравоохранения.

Отказ в предоставлении социальных услуг по медицинским показаниям оформляется совместным заключением учреждение социального обслуживания и лечебно-профилактического учреждения. Снятие граждан с социального обслуживания производится на основании личного заявления обслуживаемого гражданина, истечение сроков обслуживания, выявления медицинских противопоказаний, нарушений договорных условий оплаты за социальное обслуживание, а также установленных норм и правил получения социальных услуг или общественного порядка.

**А. ГИМБАТОВА.**
**Директор ГБУ РД КЦСОН в МО «Унцукульский район»**

Бузнасан нух

# Нижер дандечIей гьечIо

Бузнасан нух бахъулеб букIиналъул бицине байбихьараб мехалда, абулеб букIана чIикIасезе ва гендерие гьеб бахъизе бокьун рагIуларин. Амма гьел рукIана гьадингоял харбал. Гендерие гьеб бахъизе бокьунгутIи букIинчIо, гьелъул гIаксалда, кумекцин гьабизе байбихьун бук1ана.

Цо-цояз абулеб букIана нух бахъизе байбихьилалде гьеб жамагIаталда дандбазе ккелароанищин, кин бугониги, гендерил ракьалдасан бахъулеб бугелъулин,- абун. Гьебги хIисабалдле босун росдал дибирас данде ахIана хараби, мажгиталъул Советалъул членал, цIаларал гIадамал, жамагIатчагIи. Гьениб гIахьаллъи гьабуна 70-гIанисев чияс.

ТIоцебесеб иргаялда, гьениб бицана нухлул бугеб пайда-хайиралъул, нух бахъи баракатаб, хIалалаб иш букIиналъул. Гендерил жамагIаталъ, жидеего зарал бугониги, киданиги дандечIей гьабичIо пайдаял ишазде. Гьедин, нижер ракьалдасан унеб буго туннелалдаса байбихьун гIурухъе щвезегIан федералияб нухги. Гьелде гъорлъе ккана гIадамазул ракьалги. Росдал ракьалдасан унеб буго магIарул районазул гIи-боцIи хьвадулеб нухги. ГЭСалъул хIалтIаби гьарулагоги хвезаруна магIишатиял ракьал. Цониги нухалда гендерица абичIо гьелъ жидее зарал гьабулеб бугин. ХIакъикъаталдаги гендерил росу буго кIудияб, I000-ялде гIагарун цIараки бугеб, амма ракьазул рахъалъ мукъсанлъи буго гьезул.

ЖамагIаталъул цIакъ ццим бахъинабуна нух бахъулеб букIараб эксковатор бухIун батидал, росдаца гьелъие кколеб къиматги кьуна. Гендерица гьабунин абулелги камилищха, нижер ракьалдасан бахъулеб нух гьеб бугелъул. Амма мухIканлъи лъачIого бугьтан лъезе бегьуларо. Киб гъугъаданиги Гъуниб магIарде,-ян абухъего, кинабго квешабщинаб гендерида хурхинабизе бегьуларо. Нижеца щибаб ишалъе кколеб къимат кьечIого толаро ва ниж тIад рекъоларо цо-цо гIолохъабазул хьвада-чIвадиялда.

Ахиралдаги абизе бокьун буго, гендерил жамагIат разияб буго Бузнасан нух бахъизе. ГъазимухIамадилги Шамилилги



заманалда гIалимзабаз фатва кьун хIалтIизабулеб букIараб гьеб нух гьанжеги хIалтIизе ккела бусурбабазе пайдаялъе.

*МухIамад ШАМИЛОВ.*
*Генуб росу.*

## Халкъияб медицина

КъечI унтаразе дару гьабизе хIалтIизабула ниха. Гьеб хине ккола. Ханждал рекъараб къадаралде гъорлъе реччел жубай. Беччизеги тун кванай гIатI, кIиго анкьиде сахлъизе бегьула къечI.

* * *

Бохдул гьорон ругони стакан рахьдалъе тIе I0 гр. медицинаялъул спирт ва къода жаниб 2 нухалъ гьекъе. Гьеб гьекъон хадуса кваназе бегьула 40 минуталдасан.

* * *

Бакъвараб тайпаялъул экзема бугони апельсинаялъул хъалалъ сах гьабула гьеб. Жаниса рахъ унтараб бакIалде ккезеги гьабун, апельсиналъул хъал лъе унтараб бакIалда, тIад бухье бинтги.

### Картошка ва баклажан

Пайдаяб буго ургьисалаби ва рекIелгун бидурихьазул унти бугезе. Амма кьаралъиялда хIинкъи ва диабет бугез гьеб дагь кваназе ккола.

Картошкадул сок халкъияб медицинаялда хIалтIизабула цIикIкIараб кислотностьгун кванирукъ унтараз.

Баклажаналъ гIодобе ккезабула бидулъ, тIулалъ, ургьисалабазда холестерин, чорхолъа нахъе инарула хIажат гьечIел кислотаби.

*Махсаро*

## Тавбо дуцагониги гьабе

Кин-киниги магIишатги гIумроги гьабун машгьурлъарав цIияв магIарулав вачIуна цо къоялъ мажгиталде.

-Дида цIакъ гIемерал мунагьал руго, гьел чуриялъе сабабго букIунарищ?,-ян гьикъула гьес дибирасда.

- РакI бухIун, унго-унголъунги тавбо гьабуни, Аллагь тIаса лъугьинеги бегьула дудаса,-ян абуна дибирас гьесда.

-Диралдаса дур къабул гьабила Аллагьас тавбо, цIаларав чиги вугелъул, дие гIоло дуца гьабиларищ?-илан гьикъула гьев чияс.

-Дуе гIоло дица гьабулеб жо букIунаро тавбо, щивас жинцаго гьабизе ккола,-ян абула дибирас.

-Дун кьолеб жоялде вачIинаро,-ян чвантинибе квер бегьула цIияв магIарулас.

-Гьабизе ккелаха, щиб лъалеб мун вит1арав ватизеги бегьула,-ян разилъула дибирги.




## Михъал рижараб мехалъ



ТIаде рачIарал гьалбадерихъе гьитIинго вугилан ХIадис виччаларо.

-Кидаха дун кIудияв гIезе вугев, дахIаба,-ян абула васас.

-Михъал рижараб мехалъха, дир гьитIинкI,-ян абула кIодоца.

Кидадай михъал рижила,-ян вугев васасда аскIоде бачIуна кето.

-Мун ине бегьула гьалбадерихъе, дур михъал руго,-ян абула рухIдаллъарав васас катида.

## Вниманию граждан с ограниченными физическими возможностями, желающими пройти обучение и получить специальность.

1. **Мастер садово-паркового ландшафтного строительства**; квалификация – рабочий зеленного хозяйства: садовник; цветовод. Срок обучения – 2 года 10 месяцев на базе основного общего образования (9 кл.) с получением среднего (полного) общего образования.

2. **Делопроизводитель;** квалификация – делопроизводитель. Срок обучения – 2 года 10 месяцев на базе основного общего образования (9 кл.) с получением среднего (полного) общего образования.

3. **Электромонтер по ремонту и обслуживанию электрооборудования.** ( по отраслям) квалификация – электромантер по ремонту и обслуживанию электрооборудования. Срок обучения – 2 года 10 месяцев на базе основного общего образования (9 кл.) с получением среднего (полного) общего образования, (в группу принимаются слабослышащие).

4. **Исполнитель художественно-оформительских работ.** Квалификация-исполнитель художественно-оформительских работ. Срок обучения – 2 года 10 месяцев на базе основного общего образования (9 кл.) с получением среднего (полного) общего образования (в группу принимаются глухие и слабослышащие).

5. **Портной**. Срок обучения –10 месяцев без получения среднего (полного) общего образования (в группу принимаются глухие и слабослышащие).

6. **Обувщик по ремонту обуви**. Срок обучения –10 месяцев без получения среднего (полного) общего образования (в группу принимаются глухие и слабослышащие).

Приемные экзамены для поступающих не проводятся. Зачисление проводится на общих основаниях по конкурсу с учетом медицинских противопоказаний к обучению профессии, результатов тестирования в информационно-аналитическом центре и собеседовании в приемной комиссии.

Прием документов проводится с 1 мая до 25 августа 2015 года. Начало занятий с 1 сентября 2015 года.

Центр проводит лечение, оздоровление инвалидов. Обучение, лечение, питание, проживание в общежитии детям-инвалидам предоставляется на бюджетной основе

***А. МАГОМАЕВ,***
***специалист по профобучению***

**Газета основана 1937 г.**

**УЧРЕДИТЕЛЬ:**
**Администрация Унцукульского района**

**Главный редактор**
**САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВА**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**

**Регистр. Пи № ТУ05-00284 от 20 марта 2014 г.**

**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Адрес редакции:**
**51373**
**Унцукульский район**
**с. Унцукуль**
**ул. Мустафаева 28**

**Телефон редактора**
**55-63-07**
**sadovoduns@yandex.ru**

Адрес издателя:
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать -9. 4. 15 г. 17.20
фактически -16.20 мин.
.........................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1500 экз.